



Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYÒKÈ YO GEN 8.5 MILYON DOLA AVANTAJ KI DISPONIB ATRAVÈ PWOGRAM ALIMANTASYON MACHE AGRIKÒL LA

Kantite Mache Kiltivatè k ap Patisipe nan Pwogram lan Prèske Double depi 2015, sa k ap Ogmante Aksè Kiltivatè yo a Nouvo Mache

Biwo Eta a pou Granmoun Aje yo te Distribye Chèk bay Granmoun Aje nan 900 Lokalite Atravè Eta a Ane Pase

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple Nouyòkè yo avantaj Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl yo (Farmers' Market Nutrition Program, FMNP) disponib kounye a pou fanmi ak granmoun aje ki elijib atravè tout eta a. Pwogram lan te bay chèk moun ka al achte avèk yo nan mache agrikòl ak mache kiltivatè k ap patisipe yo kounye jiska fen mwa Novanm lan pou yo ka achte fwi ak legim frè yo kiltive onivo lokal. Anplis de sa, Nouyòkè ki elijib ka itilize chèk yo a yo nan menm plis mache kiltivatè ankò ane sa. Kantite mache kiltivatè k ap patisipe nan pwogram lan te prèske double nan dezan, soti 40 an 2015 rive 77 jiskaprezan ane sa.

“Lè nou ogmante sansibilizasyon ak aksesibilite a pwodwi alimantè ki bon pou sante, ki fòtifyan, sa enpòtan anpil pou sante ak byenèt fanmi atravè tout eta a yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè Nouyòkè yo manje pwodwi frè, ki kiltive onivo lokal, li non sèlman rann kominote yo vin pi an bòn sante, men tou sa ranfòse endistri agrikòl eta a, sa k ap kreye yon New York ki pi solid pou tout moun.”

Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la

Gen 6 milyon dola avantaj FMNP ototal ki disponib pou fanmi atravè Pwogram Alimantasyon Sipleman Espesyal (Special Supplemental Nutrition Program) pou Fanm, Tibebe ak Timoun lan (Women, Infants and Children, WIC). Yo pral distribye apeprè 250,000 ti livrè ki gen sis chèk 4.00 dola, oswa 24 dola ototal ane sa, sa k ap pèmèt moun achte fwi ak legim frè, ki kiltive onivo lokal nan men plis pase 900 kiltivatè k ap vann nan plis pase 600 mache agrikòl ak mache kiltivatè atravè eta a yo.

Chèk sa yo disponib pou fanmi ki elijib nan prèske 400 sit atravè Eta New York ak nan biwo klinik Asistans Alimantè pou WIC lan nou ka jwenn [isit la](#). Yo pral mete yon ti pòch ki gen enstriksyon sou ki jan ak kote yo ka itilize chèk yo pou achte fwi ak legim frè nan men agrikiltè k ap vann nan mache a yo nan chak ti livrè. Moun yo kapab itilize

chèk yo nan mache agrikòl yo ak nan mache kiltivatè k ap patisipe nan pwogram lan yo jiska 30 Novanm ane sa.

Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl pou Granmoun Aje yo

2.5 milyon dola FNMP Granmoun Aje yo bay moun ki elijib ki gen 60 an oswa plis yo chèk pou yo achte pwodwi pou yon total 20 dola. Yo ofri avantaj pwogram lan sou yon baz endividyèl olye yo bay chak fanmi, epi l ap agrandi etandi pwogram lan pou l rive kouvri Nouyòkè aje yo.

Nan kominote Rejyon Nò yo, chèk yo ap disponib kounye a nan [Biwo pou Granmoun Aje](#) onivo zòn konte a yo. Granmoun aje yo ka jwenn aksè a chèk yo nan sit Pwogram Pwodwi Alimantè Sipleman (Commodity Supplemental Food Program) ki nan zòn sid eta a yo:

- Kings County Hospital Center, Brooklyn
- Catholic Charities, Diocese of Rockville Centre, Long Island; ak
- New York Common Pantry, Manhattan

Anplis de sa, nan vil New York, chèk yo pral disponib pou yo kolekte yo nan sit repa kolektif Depatman pou Granmoun Aje Vil New York la (New York City Department for the Aging) te chwazi yo. An 2016, Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la te distribiye chèk dirèkteman bay granmoun aje nan plis pase 900 lokalite, ki gen ladan mache agrikòl, mezon retrèt yo ak nan evènman sansibilizasyon espesyal yo. Yo pral distribiye apeprè 125,000 ti livrè ki te gen senk chèk 4.00 dola bay Nouyòkè Aje yo ane sa a. Moun yo kapab itilize chèk yo nan mache agrikòl ak mache kiltivatè k ap patisipe yo jiska 30 Novanm ane sa.

Benefisyè ki elijib yo dwe gen 60 an oswa plis epi yo dwe satisfè kritè kondisyon elijibilite revni 1,860 dola oswa mwens pa mwa pou yon sèl moun oswa 2,504 dola pa mwa pou yon koup de moun— oswa yo dwe afime ke yo aktyèlman ap resevwa oswa yo elijib pou yo resevwa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income), oswa asistans piblik oswa sibvansyon lojman seksyon 8. Benefisyè yo pa kapab resevwa chèk Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl okenn lòt kote.

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap jere pwogram FMNP pou Granmoun Aje a oswa WIC la, an kolaborasyon avèk Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a (New York State Office for the Aging), Depatman pou Granmoun Aje Vil New York la ak Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la. Pwogram lan te finanse atravè Depatman Agrikilti Etazini an ak Eta New York la. Cornell Cooperative Extension bay edikasyon sou Nitrisyon.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Pwogram sa a non sèlman ap ede ankouraje chwa pwodwi alimantè ki bon pou lasante men tou l ap sipòte kiltivatè atravè eta a yo. Nan jis kèk ane ki sot pase yo sèlman, avèk finansman ki te ogmante nan Bidjè Eta New York la (New York State Budget) ak plis mache kiltivatè k ap patisipe nan pwogram lan yo, nou te gentan kapab rive jwenn plis fanmi ak granmoun aje epi konekte kiltivatè nou yo ak nouvo konsomatè”.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo Eta New York pou Granmoun Aje la, te di, “Atent pwogram kupon Mache Agrikòl pou Granmoun Aje yo (Senior Farmer's Market coupon program) ki ogmante a pral pèmèt plis granmoun aje pwofite de avantaj bon kalite pwodwi ki kiltive onivo lokal yo. Bon alimantasyon enpòtan anpil pou moun aje an sante, epi pwogram FMNP a ede granmoun aje yo jwenn aksè a pwodwi alimantè fòtifyan yo bezwen pou yo rete an bòn sante epi konekte yo ak kominote yo a, pandan y ap sipòte kiltivatè lokal yo tou. Dènye investisman sa se yon lòt egzanp ankò ki montre angajman solid Gouvènè Cuomo pran pou l fè New York vin tounen premye eta nan peyi a ki favorab pou moun aje yo”.

Komisyonè Sante nan Eta New York Doktè Howard Zucker te di, “Yon eleman prensipal nan bòn sante ak byenèt kòmanse ak sa nou manje, men aksè a fwi ak legim frè ka prezante yon defi pou anpil moun. Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la se yon koneksyon natirèl ki rann li pi fasil pou granmoun aje yo ak patisipan WIC la yo benefisye de pwodwi ki fòtifyan ki kiltive nan pil fèm ki toupatou atravè New York la yo. Nou kontan anpil paske pandan demann pou pwogram sa a ap ogmante, plis mache agrikòl ap adopte inisyativ Gouvènè Cuomo pou l pote opsyon ki bon pou lasante pou tout Nouyòkè yo”.

Komisyonè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) Samuel D. Roberts, te deklare, “Pwogram tankou Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la konekte fanmi ak granmoun aje yo ak pwodwi alimantè frè, fòtifyan, sinon yo pa t ap ka gen mwayen pou yo achte yo. Gouvènè Cuomo kontinye demontre angajman l pran pou l redwi ensekirite manje pami rezidan New York ki pi vilnerab yo epi alafen amelyore lavi yo”.

Komisè Depatman pou Granmoun Aje Vil New York la Donna Corrado, te di, “Li enpòtan pou nou mentni yon rejim ki byen ekilibre pou nou ka aje nan yon fason aktif ak an bòn sante. Pwogram sa rann li pi abòdab pou Nouyòkè aje yo fè chwa pwodwi alimantè frè, ki bon pou sante yo”.

Manm Asanble Bill Magee, ki se Prezidan Komite Agrikòl Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te di, “Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la ede ranfòse fèm lokal yo lè li ogmante lavant nan mache agrikòl ak mache kiltivatè yo. Lè nou konekte fanmi yo ak pwodiktè pwodwi alimantè onivo lokal yo, nou ap investi nan fèm eta nou yo ak nan kominote nou an yo”.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou FMNP, tanpri klike [isit la](#).

Pou w wè kote mache ki enskri pou patisipe nan FMNP yo ye sou kat jewografik la, tanpri vizite sitwèb Depatman an [isit la](#).

Pou w jwenn yon lis mache agrikòl ki atravè eta a yo, tanpri vizite www.data.ny.gov oswa pou yon kat jewografik ou ka klike sou lokalite kote yo a nan chak konte, tanpri klike [la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418